

## Nofifikasyon Règleman Janvye 2023

### Kiyès ki Dwe Li Notifikasyon sa a?

Tanpri li sa a si:

- W ap mande Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè (DHCD) abri pou Asistans Ijans (EA).
- Ou jwenn abri EA nan men DHCD.

### De kisa notifikasyon sa a pale?

Gen yon dosye ki rele Garcia v. DHCD. Dosye sa a konsène fanmi ki sanzabri ki aplike epi antre pi vit nan abri EA. Li Konsène tou fanmi ki jwenn abri tou pre kominote lakay yo ak toupre lekòl pitit yo. Li konsène tou jwenn plasman abri apwopriye pou moun ki gen andikap.

Dosye tribinal la te depoze nan mwa desanm 2016 pa yon gwoup fanmi sanzabri. Yo se Pleyan yo.

Dosye a se yon aksyon kolektif. Sa vle di li te pote sou non yon gwoup moun. Gwoup moun sa a se manm gwoup la.

Pati yo nan dosye a te dakò pou rezoud dosye a. Sa vle di DHCD ak Pleyan yo te dakò ansanm ke DHCD pral fè chanjman nan sistèm abri EA. Kondisyon règleman an ekri nan yon Akò. Pati yo panse Akò a pral amelyore sistèm abri EA a pou fanmi yo. Yo te mande jij la apwouve Akò a. Men, avan, manm gwoup la gen dwa aprann sou Akò a. Manm gwoup la gen dwa tou pou di jij la si yo pa dakò ak nenpòt pati nan Akò a. Jij la pral fè yon odyans nan dat 28 mas 2023. Nan odyans sa a, jij la ap deside si pou l apwouve Akò a.

Se Avoka GBLS ak Ropes & Grey LLP ki reprezante Pleyan yo.

**Notifikasyon sa a pale w de Akò a. Li di ou tou kijan pou fè objeksyon, si ou pa dakò ak nenpòt pati nan Akò a.**

### Kiyès ki yon manm gwoup?

Gwoup la gen ladan tout moun ki:

- nan abri EA oswa ki gen yon Entèripsyon Tanporè Abri Ijans (TESI)

Notifikasyon Règleman, *Garcia kont DHCD*

- aplike pou abri EA epi yo pa t pran refi
- te eseye aplike pou abri EA men yo pa t kapab antre.

Sepandan, gwoup sa a pa enkli moun ki te aplike pou abri EA epi ki te pran refi, si yo te fè apèl kont refi a epi yo pèdi apèl yo a, oswa si dat limit apèl la te pase.

Genyen tou yon sou-gwoup. Sou-gwoup la gen ladan tout fanmi ki nan gwoup la, ki elijib pou abri EA, epi k ap viv ak yon manm fanmi ki gen yon andikap.

### **Ki sa ki pase nan dosye a jiska prezan?**

Pleyan yo te kòmanse dosye tribunal la nan mwa desanm 2016. Nan mwa jiyè 2017, jij la te sètifye dosye a kòm yon rekou kolektif. Apati desanm 2020, Pleyan yo ak DHCD te negosye pou eseye rezoud dosye a. Nan mwa janvye 2023, Pleyan yo ak DHCD te mande jij la apwouve Akò a.

### **Ki chanjman DHCD pral fè dapre Akò a?**

Akò a bay lis chanjman DHCD te dakò fè yo. Yo gen ladan yo:

- Pwosesis Aplikasyon EA
  - Pwosesis aplikasyon ki pi fasil: Moun ka aplike an pèsòn nan biwo DHD yo. DHCD pral mete tou yon sistèm mesajri sou liy telefòn li pou moun pa oblige rete tann pandan lontan. DHCD pral mete kanpe yon pòtal sou entènèt pou moun yo voye dokiman yo. DHCD p ap fè moun yo ranpli yon aplikasyon sou papye lè y ap aplike pa telefòn.
  - Seleksyon pou andikap ak lòt bezwen: Lè moun yo aplike pou abri EA, travayè DHCD yo pral mande si yo bezwen èd pou aplike. Pa egzanp, yon moun ka bezwen èd akòz andikap, paske li pa pale Anglè byen, oswa pou lòt rezon. Si yon moun bezwen èd, travayè DHCD yo pral ba yo èd rezonab.
  - Pa gen seleksyon: DHCD ap kite nenpòt moun aplike pou abri EA. Si DHCD di yon fanmi pa elijib pou abri, DHCD ap bay fanmi an yon notifikasyon refi. Notifikasyon an pral di yo rezon egzat ki fè yo pa elijib ak kijan yo ka fè apèl.
  - Mwens dokiman avan yo antre nan abri EA: DHCD pral bay fanmi yo abri touswit si yo sanble elijib, menm si yo pa gen tout dokiman yo avèk yo. Fanmi yo ap gen 30 jou pou fè tout dokiman yo rive nan DHCD. Men, DHCD pral fè sa sèlman si fanmi yo gen dokiman oswa lòt prèv ki montre

twa bagay: idantite yo, ki jan yo gen rapò youn ak lòt, epi omwen yon moun nan fanmi an se yon rezidan nan Massachusetts. DHCD ap eseye ede fanmi yo jwenn enfòmasyon sa yo. (Pleyan yo panse ke DHCD ta dwe kite fanmi yo antre nan abri touswit memm si yo pa kapab pwouve twa bagay sa yo. Jij la pral pran yon desizyon sou sa.)

- Abri garanti: Nenpòt moun ki rele oswa ki vin nan yon biwo DHCD nan yon sèten tan ka pale ak yon travayè DHCD. Si yon fanmi bezwen yon kote ki an sekirite pou yo rete lannwit sa a, epi si yo kalifye pou abri EA, DHCD pral ba yo yon kote ki an sekirite pou yo rete lannwit sa a. Si pa gen tan pou fè yon aplikasyon EA konplè jou sa a, DHCD pral ba yo yon kote ki an sekirite pou yo rete lannwit sa a sof si DHCD deside ke fanmi an pa kalifye pou abri EA.
- Aranjman pou Andikap
  - Mande aranjman: DHCD pral amelyore sistèm li yo pou fè aranjman rezonab pou andikap yo. Sa gen ladann pi bon fason pou:
    - Fè fanmi yo konnen dwa yo pou yo mande yon aranjman rezonab.
    - Ede fanmi yo avèk dokiman pou mande yon aranjman rezonab.
    - Di fanmi yo byen vit lè DHCD deside si l ap apwouve yon demann aranjman rezonab.
    - Anrejistre epi swiv desizyon aranjman DHCD yo.
    - Evite non-konfòmite ak sispansyon pou fanmi ki gen andikap rann li difisil pou yo swiv sèten règ EA.
  - Kowòdonatè Abri ADA: Chak abri EA pral gen yon Kowòdonatè Abri ADA (SADAC). SADAC la pral pale ak fanmi yo sou pwoblèm andikap. SADAC la ka ede fanmi yo avèk dokiman pou mande aranjman. SADAC pral ede tou bay kèk aranjman nan abri a.
- Transfè
  - Enfòmasyon sou bezwen chak fanmi: DHCD pral swiv epi anrejistre enfòmasyon sou kominate lakay chak fanmi, lekòl timoun yo, ak bezwen ki gen rapò ak andikap. DHCD pral sèvi ak enfòmasyon sa a pou pran desizyon sou plasman ak transfè.

- Lis datant transfè yo: DHCD pral kòmanse sèvi ak lis datant pou fè transfè abri. Lis datant yo pral ede DHCD kenbe tras fanmi k ap tann yon transfè abri.
- Priyorite Transfè yo: DHCD pral sèvi ak priyorite klè pou fè lis datant lan osi ekitab ke posib.
  - Premye priyorite: fanmi ki gen bezwen sante ak sekirite an ijans.
  - Dezyèm priyorite: fanmi ki gen bezwen ki gen rapò ak andikap.
  - Twazyèm priyorite: fanmi ki nan yon abri ki lwen kominote lakay yo oswa ki lwen lekòl ptit yo, akòz bezwen yo ki gen rapò ak andikap. (Pa egzanp, si yon fanmi bezwen yon abri aksesib pou chèz woulant, epi pa t gen okenn abri aksesib pou chèz woulant toupre kominote lakay yo.)
  - Katriyèm priyorite: fanmi ki nan abri ki a plis pase 20 mil de kominote lakay yo, ak fanmi ke abri yo tèlman lwen lekòl ptit yo ke timoun yo pa ka ale nan lekòl yo.
  - Senkyèm priyorite: fanmi k ap antre nan sistèm abri EA ki vle pou yo toupre kominote lakay yo oswa lekòl timoun yo men ki pa gen bezwen ki gen rapò ak andikap.
- Pandan fanmi yo ap tann yon transfè: DHCD pral bay kèk èd a fanmi ki ap tann yon transfè ki gen rapò ak andikap, kominote lakay ou, oswa lekòl timoun yo.
  - DHCD pral:
    - transfere premye ak dezyèm fanmi priyorité yo nan yon chanm otèl tanporèman si DHCD gen yon chanm otèl ki disponib ki pral satisfè bezwen fanmi an.
    - ede avèk transpò pou bezwen ki gen rapò ak andikap, atravè pwoesis aranjman rezonab la.
    - ede avèk transpò pou timoun yo ale lekòl, nan sèten sitiayson.
    - bay pwoteksyon kont non-konfòmite ak sispansyon ki ap tann transfè abri.
- Tan Datant pou Transfè yo
  - Lè yon fanmi gen lontan depi l ap tann yon transfè, DHCD ap eseye jwenn yon nouvo inite abri pou li.
  - DHCD ap kenbe tras konbyen fanmi ki gen lontan depi y ap tann transfè. Si anpil fanmi gen lontan depi y ap transfè nan yon sèten pati nan eta a, DHCD pral eseye jwenn nouvo inite abri nan zòn sa a.

- Kominikasyon klè
  - Materyèl ekri: DHCD pral rann notifikasyon ak fòm li yo pi fasil pou li ak konprann.
  - Konvèsasyon: DHCD pral kominike enfòmasyon enpòtan yo yon fason ki pi klè.

### **Ki lòt bagay ki nan Akò a?**

- Siveyans: DHCD pral swiv enfòmasyon yo epi bay avoka Pleyan yo done ak rapò yo. Done yo ak rapò yo pral montre chanjman DHCD ap fè yo. Sa a se pou avoka Pleyan yo ka asire DHCD fè sa li te dakò fè.
- Dire & Aplikasyon: Pandan Akò a an vigè, jij la gen pouwva pou asire ke DHCD suiv Akò a. Akò a pral antre an vigè lè jij la bay apwobasyon final la. Li pral an vigè pou apeprè 4 a 5 ane.
- Onorè avoka yo: DHCD pral peye \$1.5 milyon dola bay avoka Pleyan yo pou onorè avoka yo ak pou depans avoka Pleyan yo deja fè. Avoka Pleyan yo te pote dosye a an 2016 epi yo te travay pandan 6 ane pou jwenn Akò a.

### **Mwen se yon manm gwoup la. Kisa sa vle di pou mwen?**

Jij la pral òganize yon odyans nan dat 28 mas 2023 pou I deside si I ap apwouve Akò a. Si jij la apwouve Akò a, tout manm gwoup yo pral respekte kondisyon li yo. Sa vle di pandan ke Akò a an vigè, ou pa kapab pouswiv DHCD nan lajistis pou eseye fè DHCD chanje sistèm li yo pou bagay ki kouvri nan Akò a. Ou ka toujou pouswiv DHCD nan lajistis si w panse y ap vyole lalwa kont ou antanke moun. Akò a pa egzije DHCD pou peye okenn lajan bay Pleyan yo oswa manm gwoup yo.

### **Ki opsyon mwen genyen antanke manm gwoup la?**

Si ou dakò avèk Akò a, ou pa bezwen fè anyen. Si jij la apwouve Akò a, ou pral jwenn avantaj ki genyen nan Akò a. Ou pral tou respekte kondisyon li yo.

Si ou pa dakò ak nenpòt pati nan Akò a, ou gen dwa fè objeksyon. Gen enstriksyon pi ba a sou fason pou w di tribinal la ke w fè objeksyon.

### **Kijan pou mwen fè objeksyon kont nenpòt pati nan Akò a?**

Si ou vle di jij la ke ou pa dakò ak nenpòt pati nan Akò a, gen ladan peman onorè avoka yo, ou dwe voye yon deklarsyon bay jij la avan 20 mas 2023.

- Kisa mwen ta dwe ekri nan deklarasyon an?
  - non dosye tribunal la: Rosanna Garcia et al. v. Depatman Lojman ak Developman Kominotè, 16-84-CV-03768.
  - avèk ki pati nan Akò a ou pa dakò.
  - poukisa ou pa dakò, nan plis detay ke ou kapab.
  - Non w ak adrès ou.
  - Si ou vle di yon bagay ak jij la nan Odyans Ekitab la nan dat 28 mas 2023:  
Ekri ke ou planife pou vini nan Odyans Ekitab la epi ou vle yo tande w.
- Ki kote pou mwen voye deklarasyon an?
  - Voye deklarasyon oriijinal la pa lapòs bay:  
Suffolk County Superior Court  
Pou: Margaret Buckley  
3 Pemberton Square  
Boston, MA 02108
  - Voye yon kopi deklarasyon an bay avoka Pleyan yo nan GBLS. Ou ka voye yon imèl oswa voye li pa lapòs.

Imèl: [Lmassie@gbls.org](mailto:Lmassie@gbls.org)

Kourye: Laura Massie  
GBLS  
197 Friend Street  
Boston, MA 02114

## Odyans Ekitab

Pral gen yon odyans pou jij la ka deside si l ap apwouve Akò a.

Yo rele sa yon Odyans Ekitab. Nan odyans la, jij la ap deside tou montan onorè avoka yo, si genyen, yo dwe peye avoka Pleyan yo. Jij la ap konsidere nenpòt objeksyon kont Akò a. Jij nan dosye sa a se Jij Douglas Wilkins. Odyans la pral fèt nan dat 28 mas 2023 a 2 pm. Li pral nan Sal Tribunal 25 nan Norfolk County Courthouse, 650 High Street, Dedham, MA 02026.

**Èske mwen ka vin nan Odyans Ekitab la pou m di sa mwen panse de Akò a menm si mwen p ap fè objeksyon?**

Wi. Si ou vle di yon bagay nan odyans la 28 mas 2023, jij la ap koute sa w gen pou w di a.

- Kisa mwen bezwen fè si mwen vle pale nan Odyans Ekitab la?
  - Ekri jij la avan 20 mas 2023.
  - Mete enfòmasyon sa yo lè w ekri jij la:
    - Ekri non dosye a: Rosanna Garcia et al. v. Dept. of Housing and Community Development, 16-84-CV-03768.
    - Ekri non w ak adrès ou.
    - Eksplike poukisa ou vle pale nan odyans la.
  - Voye notifikasyon orijinal la bay:

Tribinal Siperyè Konte Suffolk  
Pou: Margaret Buckley  
3 Pemberton Square  
Boston, MA 02108
  - Voye yon kopi bay GBLS pa imèl oswa pa lapòs:

Imèl: [Lmassie@gbls.org](mailto:Lmassie@gbls.org)  
Kourye: Laura Massie  
GBLS  
197 Friend Street  
Boston, MA 02114

**E si mwen pa ka voye yon deklarasyon oswa mwen rate dat limit la, men mwen toujou vle di jij la sa mwen panse de Akò a?**

- Ou ka vini nan odyans la nan dat 28 mas 2023. Mande jij la pou I dispanse w de egzijans yo, epi eksplike poukisa ou pa t kapab voye deklarasyon w lan nan dat limit la.
- Jij la ka chanje nenpòt nan dat limit ki nan notifikasyon sa a si ou montre yon rezon valab.

#### **Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon?**

Si ou gen kesyon, oswa si ou vle yon kopi Akò a, tanpri kontakte Avoka Pleyan yo, Laura Massie, nan Greater Boston Legal Services (GBLS). Ou ka jwenn Akò a tou nan.  
[www.MAShelterSettlement.com](http://www.MAShelterSettlement.com)

- Laura Massie: (844) 625-7313; Lmassie@gbls.org; 197 Friend Street, Boston, MA 02114
- GBLS: 617-371-1234 oswa 800-323-3205; TTY 617-371-1228